



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU SALON BOTE AK KWAFÈ YO PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè ou li dokiman sa a, ou ka afime nan pati ki anba a.

Apati 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa pou Salon Bote (salon kwafi) ak Kwafè (estidyo kwafè) yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Salon Bote ak Kwafè yo pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Hair Salons and Barbershops)) pou ka bay pwopriyetè/operatè salon bote ak kwafè yo ak anplwaye pa yo ak antreprenè yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 pandan aktivite salon bote ak kwafè yo ap rekòmanse ouvri.

Enstwiksyon sa a aplike sèlman pou biznis sèvis kwafi yo ki enkli salon bote, kwafè yo, ak lòt biznis sèvis kwafi ki menm jan an. Enstwiksyon sa a pa aplike pou salon maniki yo, salon tatoo, oswa nenpòt ki lòt sèvis oswa aktivite swen pèsònèl ki pa gen rapò ak koupe cheve, ki gen ladan men se pa sa sèlman: koupe bab, koupe plim nen, fasyal, maniki/pediki, aplikasyon makiyaj, retire plim ak fil, pensaj ak siraj.

Konsiy sa yo se jis egzijans minimòm e nenpòt anplwayè lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Konsiy sa yo baze sou pratik sante piblik ki plis popilè yo nan moman Faz II reouvèti Eta a, epi dokiman konsiy sa yo baze sou li a ka chanje epi li chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak salon bote ak kwafè. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt Plan Sekirite nan kad Operasyon salon bote ak kwafè.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202 (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, lè sa posib.

Nan dat 19 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.7, pou mande tout kwafè yo, salon bote yo, salon tatoo oswa pèsin yo ak sèvis swen pèsònèl ki gen rapò ak yo pou fèmen pòt yo anvè piblik la jiska nouvo lòd. Dekrè egzekitif la te aplike tou pou teknisyen zong yo, kosmetològ yo ak estetisyen yo, ak prestasyon sèvis elektroliz, ak eliminasyon lazè. Yo te pibliye dekrè egzekitif la paske sèvis sa yo pa t 'kapab fèt pandan n'ap kenbe distans sosyal.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl yo nan biwo a. Biznis ki esansyèl yo, jan yo defini pa enstwiksyon Kòporasyon Devlopman Empire Stare (Empire State Development Corporation, ESD) yo, pa't sijè a limitasyon an pèsòn, men yo te, sepandan, jwenn lòd pou yo konfòme yo anba enstwiksyon ak direktif ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki mande pou yo kenbe yon anviwònman travay ki pwòp epi sekirize, epi yo te mande yo kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi ki posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.16](#), ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.17](#), ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat ki 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.18](#), ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.34](#), ki otorize operatè/mèt biznis yo avèk diskresyon pou refize rantre moun ki pa respekte kondisyon pou kouvri figi yo oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou relouvri endistri yo ak biznis yo nan New York nan faz ki baze sou yon analiz rejyonal ki baze sou done. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa ke analiz rejyonal la ta konsidere plizyè faktè sante piblik, tankou nouvo enfeksyon COVID-19, ak sistèm swen sante, tès dyagnostik, ak kapasite kontak tras. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse premye faz reouvèti a ta kòmanse 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, dapre mezi rejyonal ki disponib ak endikatè yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz reouvèti a ta kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi anonse itilizasyon yon nouvo tablo avètisman anvan lè ki totalize gwo efò koleksyon done eta a pou Nouyòkè yo, otorite gouvènman yo, e ekspè yo pou kontwòle ak revize kijan yo ap kontwòle viris la pou asire yon re-ouvèti an sekirite.

Lè rejyon yo gen dwa pou yo avanse nan Faz II, yo pral pèmèt salon bote yo ak kwafè yo re-ouvri depi yo ap swiv estanda ki apwouve yo epi depi yo ranpli plan sekirite pou biznis la epi afiche yo nan lye biznis lan tou.

Mete sou nòm sa yo, biznis yo dwe kontinye konfòme ak konsèy epi prensip sa yo pou kenbe anviwònman travay yo pwòp e sekirize ke DOH te pibliye.

Tanpri note sa byen, kote konsèy ki nan dokiman sa a diferan de lòt konsèy dokiman Eta New York te pibliye yo, sa ki plis resan an dwe aplike.

Estanda pou operasyon Salon Bote ak Kwafè Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn salon bote oswa kwafè ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta sa yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Deptaman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout salon bote ak kwafè yo ki an mach pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Mèt pwopriyete salon bote ak kwafè a, oswa yon lòt pati ke mèt pwopriyete a deziye (nan tou de ka yo, "Pati Responsab yo"), pral responsab pou respekte nòm sa yo.

Yo ap raple pwopriyete salon bote ak kwafè yo pou swiv estanda sante ak sanite ki egziste a eksepte kote dokiman sa a bay yon estanda ki sevè, nan ka kote dokiman sa a kontwòle. Estanda ki deja egziste ki gen rapò ak salon yo disponib sou sit entènèt Depatman Eta lè ou klike [isit la](#). Estanda ki deja egziste ki gen rapò ak kwafè yo disponib sou sit entènèt Depatman Eta lè ou klike [isit la](#).

Konsèy sa a òganize sou twa kategori diferan: moun, espas, ak pwosesis.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati ki responsab yo dwe asire ke mendèv la ak prezans kliyan nan nenpòt salon bote oswa kwafè limite epi li pa dwe plis pase 50% nan kapasite maksimòm pou yon zòn an patikilye jan sètifika kapasite a etabli, enkli kliyan yo, ki dwe kenbe distans sis pye nan separasyon de lòt moun, eksepte pandan sèvis koupe cheve a, ak, nan tout ka, yo dwe sèlman pèmèt li antre nan salon bote a oswa kwafè a si yo mete yon mask figi ki akseptab; depi ke, sepandan, kliyan an gen plis ke de zan epi li kapab medikalman tolere yon mask konsa; epi
- Pati ki responsab yo dwe asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye ant anplwaye yo ak kliyan yo tout tan, sòf si aktivite debaz la egzije yon distans ki pi kout (eg, koupe cheve, founi biwo randevou pou operasyon yo, oswa kès anrejistrez). Anplwaye yo dwe mete kouvèti vizaj yo nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan yo (pa egzanp, anonse yon acha, anbale yon atik pou remèt) ak nenpòt lè anplwaye yo dwe apwoche a yon distans sis pye ak yon lòt moun. Anplwaye yo dwe prepare pou rale yon kouvèti vizaj si yon lòt mon vin prezante a mwens pase sis pye sanzatann.
 - Kouvèti vizaj akseptab pou COVID-19 la yo se, men yo pa limite a sa sèlman, kouvèti vizaj ki fèt ak twal ak mask ki kouvri ni bouch ak nen an.
 - Sepandan, kouvèti ki fèt an twal, ki ka jete, oswa lòt kouvèti vizaj ki fèt lakay yo pa kouvèti vizaj ki akseptab pou aktivite nan espas travay ki egzije yon nivo pwoteksyon ki pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) akòz nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon konsiy OSHA yo.
 - Pwopriyete salon bote yo dwe kontinye konfòme yo avèk 19 NYCRR Seksyon. 160.11 epi asire yon rezèv PPE apwopriye (eg. respiratè N-95 oswa respiratè N-100) disponib nan chak espas travay.
- Pati Responsab yo ka modifiye itilite ak/oswa diminye nonb espas travay yo ak syèj anplwaye yo, pou anplwaye yo ka sis pye pou pi piti nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje estasyon oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize.
 - Pati ki responsab yo dwe asire ke syèj kliyan yo pèmèt kliyan yo kenbe yon distans sis pye pa rapò ak tout lòt moun eksepte pou anplwaye k'ap bay sèvis la (eg egzanp chèz kwafè yo dwe sis pye youn ak lòt, sof si yo enstale yon baryè fizik ant chèz kwafè yo).
 - Yo ta dwe konsideren estale baryè fizik kote ki posib pou divize espas travay anplwaye yo nan lokal swen pèsònèl yo (eg, ant chèz kwafè yo) ak dapre enstwiksyon OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan: rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
 - Pati ki responsab yo dwe asire ke nan biwo randevou yo ak rejis depa yo, anplwaye yo mete kouvèti vizaj ak adopte baryè fizik nan zòn kote yo pa ta afekte ekoulman lè, chofaj, refwadisman, vantilasyon, oswa otremman nwi yon fason potansyèl sante oswa sekirite.

- Pati ki responsab yo gen entèdiksyon pou yo mande oswa egzije dokiman medikal oswa lòt dokiman nan men yon kliyan ki refize mete yon mask ki kouvri figi yo akòz yon pwoblèm medikal oswa lòt pwoblèm sante ki anpeche itilizasyon sa a.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas ki konfine (egz: dèyè kès yo, asansè, depo) pa plis pase yon moun alafwa, sof si tout moun ki nan espas sa a an menm tan ta mete kouvèti vizaj ki akseptab. Men, okipasyon an pa dwe depase 50% kapasite maksimòm espas la, sof si l fèt pou l itilize pa yon sèl okipan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egz: ouvri fenèt, kite pòt ouvri), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje itilizasyon opsyon pèman san kontak oswa peye davans, lè sa disponib. Minimize manyen lajan kach, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil yo, kote sa posib (eg. Konsidere pèmèt kliyan yo bay tep atravè peman elektwonik olye yo fè sa avèk lajan kach).
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz:devan biwo randevou yo/nan zòn kès anrejistrez yo, estasyon tèsp depistaj sante, sal repo yo).
 - Kote sa posib, mete makè oswa baryè pou ankouraje sikilasyon a sans inik.
- Pati ki responsab yo dwe afiche siyalizasyon ak makè distans ki endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz. estasyon antre/soti, estasyon tèsp depistaj sante, sal repo, zòn kès anrejistrez yo).
- Pati ki responsab yo ka konsidere mete yon politik "sou randevou sèlman" pou limite kliyan ak kongregasyon k'ap vini san randevou yo.
- Pati ki responsab yo dwe fèmen sal datant yo epi yo ta dwe evite liy yo, nan limit ki posib. Yo ta dwe mande kliyan ki pran randevou davans yo pou yo rete tann nan machin oswa andeyò espas la omwen a yon distans sis pye jiskaskè lè randevou yo a rive. Menm jan an tou, si pati ki responsab yo pa ka bay kliyan yo ki vini san randevou sèvis touswit, yo ta dwe bay kliyan sa yo yon lè randevou epi mande yo tou pou yo tann nan machin oswa andeyò espas la a yon distans omwen sis pye jiskaskè lè randevou yo a rive.
- Pati ki responsab yo dwe afiche siyalizasyon andedan ak andeyò salon bote a oswa kwafè a, ki konsistan avèk siyalizasyon DOH COVID-19a I. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pa yo ki espesyal pou espas travay yo a oswa anvivònman, depi siyalizasyon an akò ak siyalizasyon Depatman an. Siyalizasyon ta dwe itilize pou raple anplwaye yo ak kliyan yo pou:
 - Kouvri nen yo ak bouch yo ak yon kouvèti vizaj.
 - Byen sere ak, jete PPE, lè sa nesèsè.
 - Respekte prensip distans sosyal fizik la.
 - Rapòte sentom oswa ekspozisyon COVID-19 la, epi kòman yo ka fè sa.
 - Swiv konsiy ijyèn men ak pwòpte ak dezenfeksyon yo.

- Swiv ijyèn respiratwa apwopriye ak etikèt tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmen

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsonn (paregzanp reyinyon anplwaye, sal repo, depo) nan mezi sa posib epi sèvi avèk lòt metòd tankou konferans pa videyo oswa telekonferans depi sa posib, dapre rekòmandasyon CDC yo "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo Planifye ak Reyaji a Maladi Kowonaviris 2019 la (COVID-19)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè videyokonferans oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo ta dwe fè yon reyinyon ouvè, nan espas ki gen bon lè epi asire ke moun yo kenbe sis pye distans sosyal ant youn ak lòt (eg: si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo chita nan chèz altène).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egz: siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egz: pandan w pran poz).

C. Aktivite Espas Travay

- An akò avèk definisyon biznis sèvis kwafi yo ak aktivite yo bay pi wo a, Pati ki responsab yo entèdi pou ofri tout sèvis ki pa gen rapò ak koupe cheve, koloran, oswa koup (stil); Sèvis entèdi yo enkli, men pa limite a: koupe bab, koupe plim nen, fasyal, sèvis zong yo, aplikasyon makiyaj, retire plim ak fil, pensaj, oswa siraj.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redwi kontak entèpèsònèl ak kongregasyon an, atravè metòd tankou:
 - limite prezans moun nan a sèlman sila ki nan staf la ki nesèsè pou sou sit la;
 - Ajiste orè espas tavay yo;
 - redwi mendèv ki sou plas yo pou respekte konsiy distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa); e/oswa
 - Lè sa posib, klase aktivite yo pa gwoup pou anplwaye yo ka konfòme yo ak distans sosyal epi redwi kantite fwa yo ka manyen an menm tan (tankou etajè stokaj yo).
- Pati ki responsab yo ta dwe ajiste orè biznis yo jan sa nesèsè pou redwi dansite ak pèmèt pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon ranfòse.

D. Mouvman ak Kòmès

- Pati Responsab yo ta dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl yo nan salon bote a oswa nan kwafè a.
- Pati ki responsab yo dwe siveye ak kontwòle ffliks sikilasyon an nan etablisman an pou asire yo respekte kondisyon maksimòm yo.

- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe endike byen klè antre ak sòti ki separe, kote sa posib.
- Pou livrezon machandiz yo, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan machin pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, minimòm, yon kouvèti vizaj ki fèt an twal san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe dezenfekte men yo avan e apre yo fin transfere yon chaj (egz: de yon chofè livrezon) machandiz (egz: dezenfekte men avan yo kòmanse chaje atik yo; e apre tout atik yo fin chaje, yo dezenfekte men yo ankò).
- Pati ki responsab yo dwe fèmen ekipman yo, lè sa aplikab, tankou:
 - ba ak echnatyonè endepandan yo;
 - zòn sèvis kafe ak manje/bwason yo, eksepte pou sèvis anpote;
 - sous dlo yo;
 - zòn magazin yo.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere elimine oswa redui frè anilasyon yo, pou ankouraje kliyan yo rete lakay yo si yo vin malad.

II. ESPAS

A. Ekipman Pwotektif

- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye yo mete yon kouvèti vizaj ki konplètman kouvri nen an ak bouch yo ak swa yon plak pwotèj pou figi oswa linèt sekirite lè yo bay sèvis dirèkteman ak/sou kliyan yo (sa vle di sèvis koupe cheve). Anplwaye yo dwe mete tou kouvèti vizaj nenpòt ki lè yo kominike avèk kliyan yo (pa egzanp, anonse yon acha), menm si yo a distans sis pye oswa plis lwen.
- Anplis de PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay anplwaye yo kouvèti sa yo san peye pandan yo nan travay. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj adekwa, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) sou men pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase oswa pou si yon vizitè esansyèl ta nan bezwen. Kouvèti vizaj ki akseptab yo gen ladan yo, men yo pa limite a sa sèlman, mask ki fèt ak twal yo (pa egzanp, sa yo koud lakay yo, sa yo koupe nan rad yo, foulà), mask chirijik yo, respiratè N95 yo, ak mask pwoteksyon vizaj yo.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte [konsèy CDC](#) a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Note byen kouvèti vizaj ki fèt an twal oswa mask ki ka jete yo pa dwe konsidere kòm kouvèti vizaj akseptab pou aktivite espas travay ki egzije yon pi wo degre pwoteksyon pou egzijans kouvèti vizaj. Pa egzanp, si respiratè N95 yo egzije tradisyonèlman pou aktivite biznis, yon twal oswa yon mask ki fèt lakay pa ka sifi. Yo ta dwe respekte estanda OSHA yo pou ekipman sekirite sa.

- Pati Responsab yo dwe pèmèt anplwaye yo itilize kouvèti vizaj akseptab pa yo men yo pa ka egzije anplwaye yo bay pwòp kouvèti vizaj yo a. Anplis, konsèy sa a p'ap anpeche anplwaye mete pwòp kouvèti pwoteksyon pa yo (egz: mask chirijikal, respiratè N95, oswa pwoteksyon vizaj), oswa si Pati Responsab yo egzije anplwaye yo mete plis pwoteksyon PPE akòz nati travay yo a. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, tankou sizo, boutèy sprej, ak tay ansanm ak touche sifas moun pataje; oswa, egzije travayè yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, egzije travayè yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
 - Si ekipman pataje yo dwe netwaye ak dezenfekte ant itilizasyon yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.
- Kote Pati Responsab yo bay yon kliyan kouvèti (tankou yon tabliye pou koupe cheve), yo dwe asire yo kouvèti sa a pwòp, yo frèchman lave, oswa dezenfekte ant chak itilizasyon, oswa jete.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo mete blouz oswa wòb ki pwòp.
- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo itilize gan lè yo bay kliyan yo sèvis, oswa mande pou travayè yo dezenfekte oswa lave men yo anvan ak apre kontak.
 - Si yo itilize gan, yo dwe ranplase yo apre chak randevou.
- Pati Responsab yo dwe asire tout kliyan mete mask oswa kouvèti vizaj an twal ki kouvri konplètman nen ak bouch yo, sòf si kliyan an pa ko gen de zan oswa li pa kapab medikalman tolere yon kouvèti konsa a.
 - Pou sèvis koupe cheve yo, Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo mete kouvèti vizaj ki boukle ozalantou zòrèy yo, pou anpeche yo retire kouvèti vizaj la pandan sèvis yo. Si yo ta dwe retire yon bouk pou yon ti tan pou moun k'ap koup cheve a oswa kwafè yo rive nan yon pwèn, kliyan an dwe kenbe kouvèti vizaj la nan devan nen ak bouch yo.

B. Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte egzijans ijyèn ak pwòpte yo jan CDC ak DOH mande l la ansanm ak "Konsèy pou Netwayaj ak Dezenfekte Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak pano "KANPE PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD) jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.
- Pati Responsab yo dwe bay e kenbe estasyon ijyèn men nan espas la, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papyè twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout salon bote oswa kwafè a pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize.

- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye yo pratike ijyèn men nan lave men yo pandan 20 segonn avèk savon ak dlo anvan ak apre yo fin bay sèvis pou chak kliyan.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayzè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo ta dwe mete reseptab alantou salon bote a oswa kwafè a pou jete atik sal yo, tankou PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe mennen netwayaj regilye ak dezenfeksyon salon bote ak kwafè a ak netwayaj pi souvan pou espas ki gen gwo ris plizyè moun itilize ak espas moun touche souvan yo. Netwayaj ak dezenfeksyon dwe byen fèt epi kontinye e sa ta dwe fèt pou pi piti chak chanjman orè travay, chak jou, oswa pi souvan dapre bezwen. Tanpri ale li "[Konsèy Pwovizwa pou Netwayaj ak Dezenfeksyon Espas Piblik ak Prive pou COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou plis enstriksyon detaye sou kijan pou netwaye etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke ekipman espas travay yo netwaye ak dezenfekte souvan pandan y'ap itilize dezenfektan legal, ansanm ak pou pi piti frekans ant chak kliyan. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) yo ki anrejistre nan Eta New York epi idantifye pa EPA kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa ekipman, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb anplwaye k'ap itilize ekipman sa a.
- Pati Responsab yo dwe kite tan ant randevou yo pou netwayaj konplè espas travay la (egz. 15 minit).
- Pati Responsab yo dwe bay pou netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspozè si yon anplwaye oswa kliyan konfime pozitif ak COVID-19 la, yon netwayaj konsa ki pou genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egz: distribitè otomatik, men kourant, douch, manch pòt).
- Enstwiksyon CDC pase sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman ou an](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo te sispèk yon moun oswa te konfime yon moun ki gen enfeksyon COVID-19 yo jan nou pral site la:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.

- Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
- Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye ki pa gen kontak sere ak kontak pwòch ak moun ke yo sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 ka retounen nan zòn travay la imedyatman apre netwayaj ak dezenfeksyon.
 - Tanpri ale li "[Konsèy Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k'ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Ekpozisyon ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa pwòch"
- Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pou aktivite ki enplike manyen objè pataje (egz: aparèy pèman), espas yo, ak/oswa sifas (egz: pòt), Pati Responsab yo dwe asire ke espas ak objè sa yo netwaye chak jou, o minimòm.
- Pati ki responsab yo dwe asire espas travay yo, ak zouti (eg, bwòs, chèz, apui pou tèt, sizay) yo netwaye ak dezenfekte ant kliyan yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje (egz: repa stil bifè), ankouraje moun pote manje ki sot lakay yo, e rezève ase espas po anplwaye pratike distans sosyal la pandan repa yo.

C. Faz Reouvèti

- Nou ankouraje Pati Responsab yo a aktivite reouvèti pa faz yo pou ka pèmèt pwoblèm operasyonèl yo rezoud avan pwodiksyon oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal yo. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, lè, ak nonb kliyan ki disponib pou sèvi lè premye reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime ke yo te revize e konprann konsèy eta a te pibliye sou endistri a, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, vizitè, ak kliyan ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo ka kreye paj wèb, gwoup tèks ak imel, ak media sosyal.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje kliyan yo pou respekte konsèy CDC ak DOH la nan sa ki gen rapò ak itilizasyon PPE, espesyalman kouvèti vizaj atravè kominikasyon vèbal ak siyalizasyon.
- Pati Responsab yo ta dwe afiche siyalizasyon anndan tankou deyò salon bote ak kwafè a pou raple pèsone ak kliyan pou respekte ijyèn nòmal la, prensip distans sosyal yo, itilizasyon nòmal PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS YO

A. Depistaj ak Tès

- Yo ankouraje Pati Reponsab yo pou yo asire ke anplwaye kap fè sèvis dirèkteman pou oswa sou kliyan yo (sa vle di koupe cheve) teste pou COVID-19 atravè yon tès dyagnostik, anvan anplwaye a fè sèvis sa yo. Yo dwe teste anplwaye yo chak 14 jou, toutotan rejyon ke salon bote/kwafè a sitiye a rete nan Faz II nan re-ouvèti Eta a. Nou ankouraje kliyan yo pou ransenye sou anplwaye k'ap bay sèvis yo dirèkteman sou yo oswa pou yo pou konnen si anplwaye a te fè tès.
- Pati Responsab yo dwe aplike pratik obligatwa pou tès depistaj sante chak jou pou anplwaye yo epi, kote sa posib, pou vizitè yo, men tès depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan ak pèsònèl livrezon yo.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan anplwaye a prezante nan lokal travay la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche anplwaye yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - O minimòm, yo ta dwe egzije depistaj tout travayè ak vizitè e sa ta dwe konplete ak yon kesyonè ki detèminesi travayè oswa vizitè a te:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentom COVID-19 la:
 - (b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa
 - (c) eksperimante sentom COVID-19 la nan 14 jou pase yo.
- Pati Responsab yo ta dwe mande kliyan yo bay konfimasyon vèbal oswa alekri ke yo pa te an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou ki sot pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 oswa ki gen li oswa ki te gen sentòm COVID-19 yo, ki te teste pozitif pou COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo, oswa ki genyen l.
- Al li konsèy CDC a sou "[Sentom Kowonavis](#)" pou enfòmasyon ki pi resan sou sentom ki asosye ak COVID-19 la.
- Pati Responsab yo ta dwe egzije anplwaye yo devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentom yo, pandan oswa andeyò lè travay yo..
- Anplis de kesyonè despistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt chak jou tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa (Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Pati Responsab yo entèdi pou kenbe anrejistreman done sante anplwaye a (egz: done tanperati)..
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a yon anplwaye ki enfekte oswa vizitè k'ap antre nan salon bote oswa kwafè a. Responsab k'ap fè aktivite depistaj yo ta dwe fòme pa moun anplwaye a idantifye ki fanmi ak pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA.

- Moun k'ap fè depistaj yo ta dwe gen e itilize PPE, ansanm ak o minimòm, yon mask vizaj, epi ak gan, yon gwo wòb, ak/oswa yon pwoteksyon vizaj.
- Yo pa ta dwe pèmèt yon anplwaye ki teste pozitif pou sentòm COVID-19 yo antre nan espas travay la epi yo ta dwe voye li lakay li avèk enstriksyon pou kontakte founisè swen sante yo pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ta dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou resous swen sante ak tès yo.
- Pati Responsab yo ta dwe li "Konsèy Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k'ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Ekpozisyon ak COVID-19" konsènan pwotokòl ak règleman pou anplwaye k'ap chèche retounen nan travay apre yon ka sispèk oswa konfime ak COVID-19 oswa anplwaye a te gen kontak sere oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 la.
- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, ak kontak sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye yo ak vizitè yo dwe enfòmè si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
- Pati responsab yo dwe deziye yon monitè sekirite nan espas la kote responsablite yo an konfòmite ak tout respè plan sekirite espas la..
- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon jounal pou chak moun, ansanm ak travayè ak vizitè yo, ki ka gen kontak sere ak pwòch ak lòt moun nan espas travay la; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrase epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la. Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch kontak depatman sante lokal eta a.
- Pati ki responsab yo dwe kreye ak kenbe yon jounal sou kliyan ak non ak enfòmasyon kontak yo pou yo ka kontakte yo pou trasaj kontak, si sa nesèsè. Pati ki responsab yo dwe ankouraje kliyan yo bay non yo ak enfòmasyon pou kontak nan jounal sa a, men yo pa dwe egzije ke yo fè sa, epi yo pa dwe egzije idantifikasyon ni refize bay sèvis ak kliyan ki chwazi pa bay enfòmasyon sa yo.

B. Trasaj ak Swivi

- Pati Responsab yo dwe alète depatman sante ak eta a lokal ak apre yo fin enfòmè de nenpòt rezilta tès pozitif COVID-19 pa yon travayè nan travay yo a.
- Nan ka yon anplwaye, vizitè, oswa kliyan ki antre nan biznis la epi ki teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante lokal pou trase tout kontak nan espas travay la epi alète depatman sante lokal de tout anplwaye ki nan jounal la ak vizitè/kliyan (si posib) ki te antre nan salon bote a oswa kwafè a nan dat 48 èdtan avan anplwaye a te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan, men kenbe sekre jan lwa ak règleman federal ak eta a egzije a.
- Depatman sante eta ak lokal la pral kreye restriksyon siveyans ak mouvman moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn..
- Moun ke yo alète ki te an kontak sere ak oswa pwòch ak yon moun ki gen COVID-19 e ke yo te alète pa mwayen trasaj, swivi oswa lòt mekanis, yo egzije pou deklare tèt yo bay anplwayè yo a nan lè alèt la e yo pral swiv pwotokòl ki endike pi wo a.

IV. PLAN ANPLWAYE

Pati Responsab yo dwe afiche byen klè plan sekirite nan espas la. Eta mete disponib yon modèl plan sekirite pou reouvèti biznis pou gide pwopriyetè biznis ak operatè yo nan kreye plan pou pwojete kont pwopagasyon COVID-19 la.

Enfòmasyon sekirite anplis, konsèy, ak resous disponib sou:

Sit Entènèt Epidemi Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la

<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19) <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay

<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>